



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN DIVIZYON APÈL DEZYÈM DEPATMAN ETA NEW YORK LA

Gouvènè Kathy Hochul te anpse jodi a nominasyon nan Divizyon Apèl, Dezyèm Depatman Eta New York la.

"Nominasyon jij ki onèt ak eksperimante se youn nan premye liy defans nou kont enjistis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen gen konfyans jij sa yo pral kontinye rekè enpresyonan yo bab sèvis piblik la epi respekte karaktè sakre lalwa. Yo se meyè pami meyè yo, e mwen fyè dèske yo pral sèvi pèp New York la."

Yo te nonmen **Onorab Helen Voutsinas** nan **Divizyon Apèl, Dezyèm Depatman.** Depi 2019, Jij Voutsinas te sèvi kòm yon Jij pou peryòd apèl nan Konte Nassau pou 9èm ak 10èm Distrik Jidisyè yo. Anvan sa a, li te yon Jij Tribinal nan Distri Konte Nassau, e li te eli kòm yon Jij Konte Nassau an 2018. Anvan li te yon Jij, li te Grefye Prensipal pou Jij Steven Jaeger nan Tribinal Siprèm Eta New York la. Jij Voutsinas te deja Prezidan Asosyasyon Bawo Ispanik Long Island (Long Island Hispanic Bar Association) lan.

Yo te nonmen **Onorab Janice Taylor** nan **Divizyon Apèl, Dezyèm Depatman.** Jij Taylor te sèvi kòm yon Jij Kou Siprèm nan Konte Queens depi 1998, kòm li te reeli an 2012. Soti 1995 rive 1997 li te yon Jij nan Tribinal Sivil nan Vil New York. Jij Taylor se Ansyen Prezidan ak Prezidan aktyèl Konsèy Administrasyon nan Macon B. Allen Black Bar Association.

Yo te nonmen **Onorab Lillian Wan** nan **Divizyon Apèl, Dezyèm Depatman.** Jij Wan kounye a li se yon Jij nan Tribinal Siprèm Konte Kings, yon pozisyon li te okipe depi janvyè 2022. Avan eleksyon li nan Tribinal Siprèm lan, li te yon Jij pou Tribinal Reklamasyon nan Eta New York depi 2018 pou rive 2021 Jij nan Tribinal Familyal Vil New York soti 2012 rive 2018. Jij Wan se Ko-Prezidan Komite Konsiltatif sou Etik Jidisyè, Ansyen Prezidan Asian American Judges Association of New York (Asosyasyon Jij Ameriken Dorijin Azyatik nan New York), epi li se yon Manm Konsèy Administrasyon nan Brooklyn Women's Bar Association (Asosyasyon Bawo Fanm Brooklyn). Jij Wan kounye a se yon pwofesè adjwen nan Cardozo School of Law, l ap anseye dwa ak redaksyon jiridik pou etidyan premye ane nan dwa yo.

Yo te nonmen **Onorab Barry Warhit** nan **Divizyon Apèl, Dezyèm Depatman**. Jij Warhit te sèvi kòm yon Jij Tribinal Siprèm Konte Westchester depi 2019. Anvan sa, li te sèvi kòm yon Jij Sipèvize ak Pati Siperyè Kriminèl pou Nevyèm Jij Distri Jidisyè Konte Westchester soti 2015 rive 2019. Li te yon Jij pou Tribinal Konte Westchester ant 2010 rive 2018 tou, ansanm ak yon Jij enterimè pou Vilaj Tarrytown soti 2006 rive 2010. Jij Warhit kounye a se yon manm nan Komite Egzekitif Justice Brandeis Law Society a

Komite Seleksyon Jidisyè (Judicial Screening Committee) pou Dezyèm Depatman an, Divizyon Apèl la te revize aplikasyon yo epi te fè entèvyou ak plizyè douzèn aplikan. Epi se sèlman aplikan sa yo ke yo estime ki "wotman kalifye" pa Komite yo ke yo te soumèt bay Gouvènè a pou konsiderasyon li. Pou yo ka jwenn li "wotman kalifye", kandida yo dwe montre entegrite, endepandans, lidèchip, entèlijans, kapasite jiridik, jijman, tanperaman, ak eksperyans.

Biwo Gouvènè a pral kontinye revize kandida ki reyisi nan pwosesis tès depistaj la pou ranpli pòs ki vid nan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm (Appellate Division of the Supreme Court) lan.

Daprè Konsititasyon ak Lwa Jidisyè Eta New York, Gouvènè a gen otorite pou li nonmen Jij ki ap prezide nan chak Divizyon Apèl pami sila yo ki te eli kòm jij nan Tribinal Siprèm. Nominasyon sa yo pa bezwen konfimasyon Sena a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)